

Enpak Lagè Gen sou Kominote nou an

09 oktòb 2023

Chè kominote kanpis,

Pandan wikenn nan, lemonnantye te asiste yon atak tèrib Hamas te fè kont Izrayèl ki lakoz plizyè milye moun mouri ak moun blese, sa ki mennen nan yon gè ki ap ravaje kominote yo. Atak sa yo fè plis viktim Izrayelyen ak Palestinye, san wete viktim sivil ak fanmi, nan yon rejyon ki gen difikilte pou jwenn lapè.


An nou soutni youn lòt nan eprèv sa yo, an patikilye manm Izrayelyen, Juif, Mizilman, Kreyen ak Palestinyen ki nan kominote nou an, ansanm ak moun ki fanmi pwòch yo ki ap sibi trajedi sa a dirèkteman nan zòn Mwayennoryan.

Antanke yon kominote etidyan, chèchè ak pwofesyonèl entènasyonal ki divèsifye, nou konnen enpak gè a gen efè sou nou isit la tou, lakay nou. Menmsi nou ap eseye kontinye viv lavi nou chak jou, zak tèrib ki ap rive nan rejyon an—ak nan lòt zòn ki an konfli toupatou nan monn nan—kapab kreye yon santiman dezespwa.

Ansanm, nou dwe pèsevere pou nou gen konviksyon lavni kolektif nou toujou nan men nou, menm pandan evènman trajik ki rive wikenn pase a. Nou dwe kontinye travay pou yon monn ki pi bon, yon kote ki pa gen lagè ak vyolans, epi yon espas kote angajman nou pran anvè limanite tout antye rete entak.

Gen sipò ak resous ki disponib pou chak manm nan kominote kanpis nou an. Si w bezwen èd, tanpri, kontakte Counseling Center a oswa Faculty Staff Assistance Program nan. Epi pran swen zanmi ak kòlèg ou yo ki kapab gen gwo pwoblèm. Antanke yon kominote swen ak yon kanpis ki dedye pou bay sèvis, an nou renouvle angajman nou pran youn anvè lòt la, epi pou gen lapè nan monn nan.

Sensèman,

A handwritten signature in black ink that reads "Darryll J. Pines". The signature is written in a cursive style with a large initial 'D' and a distinct 'P'.

Darryll J. Pines

Prezidan, University of Maryland, College Park

Li (pwonon maskilen)

A handwritten signature in black ink that reads "Georgina Dodge". The signature is written in a cursive style with a large initial 'G' and a distinct 'D'.

Georgina Dodge

Vis Prezidan pou Divèsite ak Enklizyon

Li (pwonon feminen)